

ABSTRAK

Nur Mughniyah Mutiakandi (2022). *Larapna Modél Pangajaran Dumasar Masalah kalawan Kerangka Pangajaran TPACK pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Literasi Matematis jeung Kapercayaan Diri Siswa SMP.*

Dina kahirupan sapopoé, tangtu henteu leupas tina masalah-masalah matematis. Ku margi éta, kamampuh hiji jalma pikeun mikanyaho jeung ngagunakeun dasar matematika dina sagala rupa kontéks kahirupan sapopoé atawa anu disebut kamampuh literasi matematis téh kacida pentingna pikeun siswa. Salian ti éta, siswa kudu miboga rasa percaya diri sangkan meunang hasil diajar anu alus. Sanajan kitu, dina kanyataanana kamampuh literasi matematis jeung kapercayaan diri siswa di Indonésia kénéh kawilang asor. Salah sahiji alternatif model pangajaran anu tiasa dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh literasi matematis jeung kapercayaan diri nyaéta modél Pangajaran Dumasar Masalah kalawan kerangka pangajaran TPACK. Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho: 1) ngaronjatna kamampuh literasi matematis siswa anu narima modél Pangajaran Dumasar Masalah kalawan kerangka pangajaran TPACK leuwih luhur batan siswa anu narima modél pangajaran biasa; 2) kapercayaan diri siswa anu narima modél Pangajaran Dumasar Masalah kalawan kerangka pangajaran TPACK leuwih alus batan siswa anu narima modél pangajaran biasa; 3) aya korélasi antara kamampuh literasi matematis jeung rasa percaya diri siswa anu narima modél Pangajaran Dumasar Masalah kalawan kerangka pangajaran TPACK. Méthode anu dipaké nyaéta métode kuasi ékspérimén kalawan nonequivalent control group design. Populasi dina ieu panalungtikan nyaéta kelas VIII SMP Negeri 22 Bandung. Téhnik pangambilan sampel nyaéta purposive sampling, kalawan ngagunakeun dua kelas, nyaéta kelas ékspérimén jeung kelas kontrol. Instrumén panalungtikan anu dipaké nyaéta instrumén tés mangupa soal esai kamampuh literasi matematis jeung instrumén non-tés mangrupa angként kapercayaan diri. Dumasar kana hasil analisis data, disimpulkeun: 1) ngaronjatna kamampuh literasi matematis siswa anu narima modél Pangajaran Dumasar Masalah kalawan kerangka pangajaran TPACK leuwih luhur batan siswa anu narima modél pangajaran biasa; 2) kapercayaan diri siswa anu narima modél Pangajaran Dumasar Masalah kalawan kerangka pangajaran TPACK leuwih alus batan siswa anu narima modél pangajaran biasa; 3) aya korélasi positip anu signifikan antara kamampuh literasi matematis jeung rasa percaya diri siswa anu narima modél Pangajaran Dumasar Masalah kalawan kerangka pangajaran TPACK.

Kecap Konci: *Modél Pangajaran Dumasar Masalah kalawan Kerangka Pangajaran TPACK, Kamampuh Literasi Matematis, Kapercayaan Diri*